



MINISTÈRE DE LA JUSTICE  
ET DE LA SÉCURITÉ PUBLIQUE

**INFRACTIONS PÉNALES  
EN VERTU DU DÉCRET ÉLECTORAL  
du 2 mars 2015**

**INFRACTIONS PÉNALES  
EN VERTU DU DÉCRET ÉLECTORAL  
du 2 mars 2015**

## I. INFRACTIONS commises par les CITOYENS

### A. AVANT LE JOUR DU SCRUTIN

#### a. PROPAGANDE ÉLECTORALE ILLEGALE

##### • *Graffitis, affiches et autres formes de propagande*

Est puni d'une amende de dix mille (10,000) à vingt-cinq mille (25,000) gourdes, sans préjudice des poursuites en dommages-intérêts à intenter par les personnes lésées, le fait par toute personne **d'utiliser les murs extérieurs des clôtures et des maisons privées, les murs des édifices publics ou des monuments à des fins de propagande électorale.** [TP] Art.191

##### • *Destruction de matériel publicitaire*

Est puni d'une amende de vingt-cinq mille (25,000) à cent cinquante mille (150,000) gourdes et d'un emprisonnement de dix (10) à vingt (20) jours, le fait par toute personne de **détruire les affiches, les photos, les placards publicitaires et autres relatifs à la propagande électorale.** [TP] Art.192

#### b. OBSTACLES AUX RÉUNIONS ÉLECTORALES

Est puni d'une amende de cinq mille (5,000) à vingt mille (20,000) gourdes et d'une peine de un (1) à trente (30) mois d'emprisonnement, le fait par tout partisan d'un candidat, d'un parti, un groupement politique reconnu, agent de l'autorité publique ou fonctionnaire du CEP, ou toute personne de **créer un obstacle quelconque avant, pendant et après une réunion électorale d'un parti ou un groupement politique reconnu, un cartel ou tout candidat.** [TP] Art.189

### **c. INFLUENCE sur les ÉLECTEURS**

Est puni d'un emprisonnement de six (6) mois à trois (3) ans et d'une amende de trente mille (30,000) à cent mille (100,000) gourdes, le fait par toute personne, **d'influencer ou de tenter d'influencer ou de marchander le vote d'un ou de plusieurs électeurs.** [TC] Art.201.2

Est puni d'un emprisonnement de six (6) mois à trois (3) ans et d'une amende de trente mille (30,000) à cent mille (100,000) gourdes, le fait par toute personne **de tenter d'influencer ou d'influencer le vote d'un ou de plusieurs électeurs, par violence ou menace.** [TC] Art.201.3

Est puni d'un emprisonnement de six (6) mois à trois (3) ans, le fait par toute personne **de détourner le suffrage d'un électeur par vol, menace, ruse, abus de pouvoir ou par tous autres moyens répréhensibles.** [TC] Art.201.1

Est puni d'une amende de vingt-cinq (25,000) mille à cinquante (50,000) mille gourdes et d'un emprisonnement de six (6) mois à trois (3) ans, le fait par toute personne d'induire un électeur en erreur ou de le porter à s'abstenir de **voter par l'usage de fausse nouvelle, d'expression calomnieuse ou d'autre manœuvre frauduleuse, soit directement, soit par l'entremise d'un tiers.** [TC] Art.202

### **d. Fausse déclaration de CANDIDATURE**

Est puni de la peine prévue par le Code Pénal au chapitre traitant de faux en écriture, le fait par toute personne **de faire déclaration de candidature en utilisant de faux documents ou de dissimuler une incapacité prévue par le présent Décret.** [TCr] Art.209

## **B. LE JOUR DU SCRUTIN**

### **a. COMPORTEMENTS VIOLENTS**

#### **ou induisant a la violence**

##### **• *Usage des armes***

Est puni d'une amende de cinq mille (5,000) à vingt-cinq mille (25,000) gourdes, le fait par **toute personne** de **pénétrer dans un Bureau de vote avec une arme à feu, des armes tranchantes, contondantes et autres.** [TC] Art.199

Si l'arme ou la substance a été dissimulée, à l'amende encourue qui est triplée, s'ajoutera une peine d'emprisonnement de six (6) mois. [TC] Art.200

Toute personne **usant de son arme à l'intérieur d'un Bureau de vote**, entraînant la violation du scrutin en cette circonstance, est punie de la réclusion. [TCr] Art.213

##### **• *Autres comportements violents***

Est puni d'un emprisonnement de six (6) mois à trois (3) ans et d'une amende de dix mille (10,000) à cent mille (100,000) gourdes, le fait par toute personne : de **troubler l'ordre par voies de fait ou violence, ou par toute autre manœuvre portant atteinte au processus électoral.** [TC] Art.201 b)

Est puni d'un emprisonnement d'un (1) à cinq (5) ans et d'une amende de cinquante mille (50,000) à cent cinquante mille (150,000) gourdes, le fait par toute personne de **faire irruption avec violence dans un Bureau de Vote.** [TC] Art.203

• ***Vente et consommation de boissons alcoolisées***

Est puni d'une amende de mille (1,000) à vingt mille (20,000) gourdes et d'une peine de dix (10) à vingt-cinq (25) jours d'emprisonnement, le fait par toute personne de vendre ou de consommer des boissons alcoolisées dans les lieux publics entre six (6) heures du soir la veille du scrutin et six (6) heures du matin le lendemain du scrutin. [TP] Art.193

En cas de récidive, outre la peine d'amende encourue, la peine d'emprisonnement est de vingt (20) à trente-cinq (35) jours. [TP] Art.193.1

**b. INFRACTIONS RELATIVES AU VOTE**

• ***Vote***

Est puni d'une amende de dix mille (10,000) à vingt-cinq mille (25,000) gourdes, le fait par toute personne de **tenter de violer ou de violer sciemment le secret du vote.** [TP] Art.190

Est puni d'un emprisonnement de dix (10) à vingt-cinq (25) jours, le fait par toute personne déchue du droit de vote, **de tenter de voter.** [TP] Art.193.2

Est puni d'un emprisonnement de six (6) mois à un (1) an, et d'une amende de dix mille (10,000) à vingt-cinq mille (25,000) gourdes, le fait par toute personne de **voter plus d'une fois dans une assemblée électorale.** [TC] Art.195

• ***Inscriptions fausses ou frauduleuses***

Est puni de la peine des travaux forcés à temps et d'une amende de cent mille (100,000) gourdes, le fait par toute personne, de **voter en utilisant :** [TCr] Art.210

- a) Une inscription obtenue de manière frauduleuse ;
- b) Faussement les noms et qualités d'un électeur inscrit. Les complices subissent les mêmes peines.

• ***Obstruction au droit de vote***

Est puni d'un emprisonnement de un (1) à trois (3) ans, et d'une amende de vingt-cinq (25) à cent mille (100,000.00) gourdes, le fait par toute personne de **troubler les opérations de vote, de porter atteinte à l'exercice du droit électoral ou à la liberté du vote.** [TC] Art.196

Est puni d'un emprisonnement de six (6) mois à trois (3) ans et d'une amende de dix mille (10,000) à cent mille (100,000) gourdes, le fait par toute personne d'**empêcher ou de tenter d'empêcher le fonctionnement d'un Bureau de vote** [TC] Art.201.a

• ***Falsification des cartes électorales***

Est puni des peines prévues par le Code Pénal en matière de faux et d'usage de faux en ses articles 109 et suivants, le fait par toute personne de **fabriquer ou de faire fabriquer une fausse carte d'électeur ou d'utiliser une carte ne portant pas son nom et sa photo d'identité.** [TCr] Art.212

• ***Enlèvement de l'urne du Bureau de vote***

Est puni de la réclusion le fait par toute personne d'**enlever l'urne d'un Bureau de vote contenant les suffrages.** [TCr] Art.214

**c. MANIFESTATION POLITIQUE le jour du scrutin**

Est puni d'un emprisonnement de six (6) mois à un (1) an, et d'une amende de dix mille (10,000) à vingt-cinq mille (25,000) gourdes,

le fait par toute personne d'organiser ou de participer à une manifestation publique en faveur d'un ou plusieurs candidats, d'un ou plusieurs partis, ou groupements politiques le jour du scrutin à la proclamation des résultats. [TC] Art.197

#### **d. OUTRAGE A UN FONCTIONNAIRE DU CEP**

Est puni d'une amende de vingt-cinq mille (25,000) gourdes et d'un emprisonnement de six (6) mois à un (1) an, **tout outrage fait à un fonctionnaire du CEP dans l'exercice de ses fonctions.** [TC] Art.198

#### **e. PRONOSTIC ELECTORAL**

Est puni d'une amende de trente mille (30,000) à cent mille (100,000) gourdes, le fait par toute personne de **publier des pronostics électoraux concernant le déroulement du scrutin ou de se livrer à la publication de pronostics électoraux réalisés par qui que ce soit le jour du scrutin.** [TC] Art.197.1



## **II. INFRACTIONS commises par LES FONCTIONNAIRES PUBLICS ou ELECTORAUX**

### **A. AVANT LE SCRUTIN**

#### **a. Obstacles aux réunions électorales**

Est puni d'une amende de cinq mille (5,000) à vingt mille (20,000) gourdes et d'une peine de un (1) à trente (30) mois d'emprisonnement, le fait par tout partisan d'un candidat, d'un parti, un groupement politique reconnu, agent de l'autorité publique ou fonctionnaire du CEP, ou toute personne de créer un obstacle quelconque avant, pendant et après une réunion électorale d'un parti ou un groupement politique reconnu, un cartel ou tout candidat. [TP] Art.189

Est puni d'une amende de cinquante mille (50,000) à cent mille (100,000) gourdes, le fait pour tout partisan d'un candidat, d'un parti, d'un groupement, tout agent de l'autorité publique ou tout fonctionnaire du Conseil électoral provisoire, de **faire obstacle quelconque avant, pendant et après une réunion électorale d'un autre parti, groupement politique, cartel ou candidat.** [TP] Art.192.1

#### **b. Propagande électorale illégale**

Est puni d'un emprisonnement de trois (3) à cinq (5) ans et d'une amende de cinquante mille (50,000) à cent cinquante mille (150,000) gourdes, le fait par tout agent de l'autorité publique, y compris les fonctionnaires électoraux de: [TC] Art.204

- a) **Se livrer à une activité de propagande électorale** en faveur d'un ou de plusieurs candidats, d'un ou de plusieurs partis ou groupements politiques;

**b) Faciliter l'utilisation de matériel, bien ou véhicule de l'État pour servir à la campagne électorale** d'un ou de plusieurs candidats, d'un ou de plusieurs partis ou groupements politiques.

Lorsque le délit prévu à l'article précédent est commis dans le cadre de l'exécution d'un plan dans tout le pays ou dans plusieurs endroits du pays, la peine d'emprisonnement encourue est doublée ainsi que l'amende. [TC] Art.205

***c. Déclaration de candidature***

Est puni de la peine prévue par le Code Pénal au chapitre traitant du faux en écriture, le fait par tout fonctionnaire électoral ou tout individu chargé du déroulement des opérations de vote, d'**accepter sciemment une déclaration de candidature comportant manifestement une pièce d'identité ou un document faux.** [TCr] Art.208

**B. LE JOUR DU SCRUTIN**

**a. Infractions relatives au VOTE**

**• *Facilitation de vote frauduleux***

Est puni d'un emprisonnement de six (6) mois à un (1) an, et d'une amende de dix mille (10,000) à vingt-cinq mille (25,000) gourdes, le fait par tout fonctionnaire électoral de **faciliter une personne à voter de manière frauduleuse.** [TC] Art.195.1

**• *Falsification des listes électorales /bulletins***

Est puni de la peine des travaux forcés à temps et d'une amende de cinq cent mille (500,000) à un (1) million de gourdes, le fait par tout fonctionnaire électoral ou individu chargé de recevoir, de compter les inscrits ou de dépouiller les votes, ou toute autre

personne, **soit de falsifier les procès-verbaux, les listes d'émargement, les feuilles de comptage, les bulletins, soit de soustraire des bulletins de la masse ou d'y ajouter, soit de lire un nom autre que celui qui y est écrit.** [TCr] Art.211

Est puni des mêmes peines criminelles, le fait par tout fonctionnaire électoral ou tout individu chargé du déroulement des opérations de vote, de **modifier frauduleusement la liste électorale de quelques manières que ce soit.** [TCr] Art.211.1

#### **b. Perte de matériel électoral**

Est puni d'un emprisonnement de trois (3) à cinq (5) ans, le fait par tout fonctionnaire du CEP d'être responsable de la perte de matériel électoral. [TC] Art.206

### **III. INFRACTIONS commises par les CANDIDATS ou PARTISANS**

#### **A. OBSTACLES AUX REUNIONS ELECTORALES**

Est puni d'une amende de cinq mille (5,000) à vingt mille (20,000) gourdes et d'une peine de un (1) à trente (30) mois d'emprisonnement, le fait par tout partisan d'un candidat, d'un parti, un groupement politique reconnu, agent de l'autorité publique ou fonctionnaire du CEP, ou toute personne de créer un obstacle quelconque avant, pendant et après une réunion électorale d'un parti ou un groupement politique reconnu, un cartel ou tout candidat. [TP] Art.189

Est puni d'une amende de cinquante mille (50,000) à cent mille (100,000) gourdes, le fait pour tout partisan d'un candidat, d'un

parti, d'un groupement, tout agent de l'autorité publique ou tout fonctionnaire du Conseil électoral provisoire, de **faire obstacle quelconque avant, pendant et après une réunion électorale d'un autre parti, groupement politique, cartel ou candidat.**[TP] Art.192.1

#### IV. COMPÉTENCE, PROCÉDURE et autres sanctions

##### Compétence et procédure

- *[TP] Les peines [en matière de contraventions] sont prononcées par le **Tribunal de Paix** du lieu de l'infraction, jugée comme affaire sommaire, aux requêtes et poursuites du BEC. (Art.194)*
- *[TC] Les peines prévues dans la présente section [en matière de délits] sont prononcées par le **Tribunal correctionnel** toutes affaires cessantes, sans remise ni tour de rôle, aux requêtes et poursuite du représentant du Ministère Public sur le rapport du BED. Dans ce cas, la citation au Correctionnel se fait d'heure à heure et le prévenu est envoyé directement au Tribunal, sur le champ et en état, conformément à la Loi du 6 mai 1927 sur les infractions flagrantes. La liberté provisoire et sous caution est admise. Dans ce cas d'espèce, outre la révocation du fonctionnaire fautif, la caution imposée ne sera pas inférieure à deux cent mille (200,000) gourdes. (Art. 207)*
- *[TCr] Les peines [en matière de crimes] sont prononcées par le **Tribunal Criminel** avec ou sans jury.*

## **Autres sanctions prévues**

- ***Liberté provisoire:*** *Aucun auteur d'infraction au présent Décret, arrêté soit sur procès-verbal dressé dans un Bureau de vote, soit sur ordre d'une autorité judiciaire, ne peut bénéficier de liberté provisoire. (Art.216)*
  
- ***Infractions commises dans l'exécution d'un plan :*** *Lorsque les infractions prévues à la présente section sont commises dans le cadre de l'exécution d'un plan dans tout le pays ou dans plusieurs endroits du pays, la peine d'emprisonnement ou amende encourue est doublée. (Art.217)*
  
- ***Perte de droits civils :*** *Aux peines prévues pour les infractions spécifiées dans le présent Décret, doit être ajoutée celle de la perte des droits civils, politiques pendant cinq (5) ans au moins et dix (10) ans au plus, s'il s'agit d'un citoyen non fonctionnaire ou candidat. (Art.218)*
  
- ***Révocation d'un fonctionnaire :*** *Dans le cas d'un fonctionnaire, il sera révoqué sur le vu du jugement ayant acquis l'autorité de la chose souverainement jugée. (Art.218)*
  
- ***En cas d'annulation d'une élection en raison d'une infraction à la Loi Électorale par un candidat ou un membre d'un cartel, les peines ci-dessus [section C du décret électoral] leur sont appliquées. (Art.215)***

- *En cas d'annulation d'une élection en raison d'une infraction au présent Décret commise par un candidat, les peines ci-dessus [section C du décret électoral] lui sont appliquées. (Art. 219)*

**TP: Tribunal de Paix** (compétent pour les contraventions)

**TC : Tribunal Correctionnel** (compétent pour les délits)

**TCr: Tribunal Criminel avec ou sans jury:** (compétent pour les crimes)



MINISTÈ JISTIS  
AK SEKIRITE PIBLIK

**VYOLASYON LALWA PENAL  
JAN SA PREVVA NAN DEKRE ELEKTORAL LA  
KI SOTI NAN JOU KITE 2 MAS 2015 LAN**

**VYOLASYON LALWA PENAL  
JAN SA PREVWA NAN DEKRE ELEKTORAL LA  
KI SOTI NAN JOU KITE 2 MAS 2015 LAN**



## I. ENFRAKSYON sitwayen yo ka p komèt

### A ANVAN JOU ELEKSYON AN

#### a. PIBLISITE KI VYOLE DEKRÈ SOU ELEKSYON AN

• *Ekri nan miray, kole affich ak tout lòt piblisite*

Tout moun ki itilize miray kay moun, miray biro leta oubyen estati pou fè piblisite pou eleksyon ap kondane pou peye yon amand ki soti 10.000 goud pou rive 25.000 goud pou piplis. Lajistis ap kondane koupab la pou peye domaj enterè si moun ki viktim nan mande sa a. [TP] Atik 191

• *Kraze materyèl ki fè piblisite*

Tout moun ki kraze pano ki fè piblisite pou eleksyon, chire afich oubyen foto yon kandida ap kondane pou peye yon amand ki soti nan ven n senk mil goud (25.000) pou rive nan san senkant mil goud (150.000). Koupab la ap jwen tou pou pipiti di jou prizon (10) ki kapab rive jiska ven jou (20) pou piplis. [TP] Atik 192

#### b. ANPECHE REYINYON FÈT SOU ZAFÈ ELEKSYON

Tout patizan yon kandida, yon pati politik oubyen yon regwoupman plizyè pati politik, tout responsab leta kelkilanswa nivo l, oubyen tout moun kap travay nan KEP la oubyen pap travay ladan l, ki bay kelkilanswa baryè anvan, pandan oubyen apre yon reyinyon ka p fèt sou eleksyon ke yon pati politik, yon regwoupman plizyè pati politik ka p fonksyone legalman oubyen yon katèl majistra oubyen nenpòt ke l kandida ap òganize, ap genyen pou peye yon amand pou pipiti senk mil goud (5.000) ki kapab rive tou nan ven mil goud (20.000) pou piplis. Koupab la ap jwen tou pou pipiti yon mwa prizon (1 mwa) ki kapab rive tou jiska trant mwa (30 mwa) pou piplis. [TP] Art.189

### **c. CHACHE FÈ MOUN VOTE YON LÒT JAN**

Tout moun ki di lòt moun kijan pou yo vote, oubyen ki chache fè yo vote nan jan pa yo, oubyen tout moun ka p ofri lajan pou fè lòt moun vote nan jan pa yo ap genyen pou pase pou pipiti si mwa prizon (6 mwa) ki kapab rive tou jiska twa zan (3 zan) pou pipilis. Koupab la ap peye yon amand ki soti nan trant mil goud (30.000) pou pipiti ki kapab rive nan san mil goud (100.000) pou pipilis. **[TK] Atik 201.2**

Tout moun ka p itilize vyolans oubyen menas nan chache fè lòt moun vote nan jan pa yo, oubyen mande lòt moun vote nan jan pa yo ap genyen pou pase pipiti si mwa nan prizon (6 mwa) ki kapab rive tou nan twa zan (3 zan) pou pipilis. Koupab la ap peye yon amand ki soti nan trant mil goud (30.000) pou pipiti e ki kapab rive nan san mil goud (100.000) pou pipilis. **[TK] Atik 201.3**

Tout moun ki itilize vòl, menas, gwo ponyèt paske yo se chèf, oubyen lòt malis kache pou fè chemen kwochi ak vòt yon moun fin bay kandida pa l ap genyen pou pase pipiti si mwa nan prizon (6 mwa) ki kapab rive tou nan twa zan (3 zan) pou pipilis. **[TK] Atik 201.1**

Tout moun ki fè yon lòt moun vote jan l pat vle oubyen fè l pa vote lè limenm oubyen akolit li fè bri kouri, itilize mo sal oubyen fè zak malonèt, ap genyen pou l peye yon amand ki soti nan ven n senk mil goud (25.000) pou pipiti e ki kapab rive tou nan senkant mil goud (150.000) pou pipilis. Koupab la ap genyen pou pase pou pipiti si mwa nan prizon (6 mwa) e ki kapab rive tou nan twa zan prizon (3 zan) pou pipilis. **[TK] Atik 202**

#### **d. kandida ki fè fo deklarasyon lè la p depoze dosye nan KEP la**

Tout moun ki itilize fo papye pou yo ka p vin n kandida oubyen ki kache KEP la yon rezon ki fè yo pa kapab kandida, ap genyen pou jwenn kondanasyon kòd penal la prevwa nan chapit ki kondane moun ki fè oubyen moun ki itilize fo papye. [TKAJ/TKSJ] Atik 209

### **B. JOU ELEKSYON AN**

#### **a. KONPÒTMAN VYOLAN OUBYEN KI ANKOURAJE LAVYOLANS**

##### **• ITILIZE ZAM**

Tout moun ki rantre nan yon biwo vòt ak yon zam ki kapab tire, senyen, maspinen moun, oubyen kelkilanwsa zam nan, ap genyen pou peye yon amand ki soti nan senk mil goud (5.000) pou pipiti ki kapab rive nan ven n senk mil goud (25.000) pou pipilis. [TK] Atik 199.

Si mèt zam nan te kache l lè l ta p rantre nan biwo vòt la oubyen sak te kapab sèvi pou zam nan, amand la p peye a ap twa fwa plis. La p genyen pou l pase tou si mwa nan prizon (6 mwa). [TK] Atik 200.

Tout moun ki itilize zam anndan yon biwo vòt nan lide pou kraze eleksyon an ap genyen pou pini ak pèn reklizyon jan kòd penal la di sa. [TKAJ/TKSJ] Atik 213.

##### **• Lòt zak vyolans**

Tout moun ka p twouble lapè piblik lè ya p fè eskandal piblik, vyolans, oubyen tout zak malonèt pou kraze eleksyon an ap genyen pou pase pou pipiti si mwa prizon (6 mwa) ki papab rive tou nan twa zan (3 zan) pou pipilis. Koupab la ap peye yon amand

ki soti nan di mil goud (10.000) pou rive nan san mil goud (100.000) pou pipilis. [TK] **Atik 201 b).**

Tout moun **ki rantre bridsoukou epi ak vyolans nan yon biwo vòt** ap genyen pou pase pou pipiti yon lane nan prizon (1 an) ki kapab rive tou nan senk lane (5 lane). Koupab la ap peye yon amand ki soti nan senkant mil goud (50.000) pou rive nan sansenkant mil goud (150.000) pou pipilis. [TK] **Atik 203.**

• ***Van n oubyen bwè tafia***

Tout moun **ki van n oubyen ki bwè tafia nan lari soti nan si zè diswa (6 Zè) jou anvan eleksyon an pou rive nan si zè dimaten (6 Zè) jou apre eleksyon** an ap genyen pou peye yon amand ki soti nan mil goud (1.000) pou rive nan ven mil goud (20.000) pou pipilis. Koupab la ap genyen pou pase pou pipiti di jou nan prizon (10 jou) ki kapab rive tou nan ven n senk jou (25 jou) pou pipilis. [TP] **Atik 193.**

Si apre lajistis fin kondane moun nan li refè menm bagay la apre l lage, tan li pra l pase nan prizon fwa sa a ap pou pipiti ven jou (20 jou) li kapab rive tou nan trant senk jou (35 jou) pou pipilis. [TP] **Atik 193.1**

**b. Anvyole lalwa ki genyen rapò ak vòt la**

• ***vòt***

Tout moun **ki eseye oubyen vyole ak tout volonte l sekrè ki genyen nan vòt yon lòt moun**, ap genyen pou peye yon amand ki soti nan di mil goud (10.000) pou rive nan ven n senk mil goud (25.000) pou pipilis. [TP] **Atik 190.**

Tout moun **ki pèdi dwa pou yo vote epi ki eseye vote ap**

**kondane pou pase** pipiti di jou (10 jou) nan prizon ki kapab rive tou jiska ven n senk jou (25 jou) pou piplis. [TP] **Atik 193.2**

Tout moun ki vote plis pase yon fwa jou eleksyon an ap genyen pou pase pipiti si mwa nan prizon (6 mwa) ki kapab rive tou jiska yon lane (1 an) pou piplis. Koupab la ap peye yon amand ki soti nan di mil goud (10.000) pou rive nan ven n senk mil goud (25.000) pou piplis. [TK] **Atik 195**

• *Enskripsyon ki fo oubyen ki fèt nan koken*

Tout moun ki vote

- a. Apre enskripsyon non l nan lis elektoral la te fèt nan koken ;
- b. Apre l ta itilize nan koken non ak sityasyon yon lòt moun ki deja enskri nan lis elektoral la

Ap kondane ak pèn travo fòse pandan tan kòd penal la prevwa. Koupab la ap peye tou yon amand ki rive nan san mil goud (100.000)

Konplis la ap kondane ak menm pèn nan. [TKAJ/TKSJ] **Atik 210.**

• *Anpeche moun jwi dwa pou yo vote*

Tout moun ki fè latroublay nan eleksyon an, ka p anpeche moun jwi dwa oubyen libète pou yo vote, ap kondane pou pase pipiti yon (1 an) lane nan prizon ki kapab rive tou jiska twa lane (3 lane) pou piplis. Koupab la ap peye yon amand ki soti nan ven n senk mil goud (25.000) li kabab rive jiska senkant mil goud (50.000) pou piplis [TK] **Atik 196.**

Tout moun ki anpeche ou chache anpeche yon biwo vòt fonksyone ap kondane pou pase pipiti si mwa nan prizon (6 mwa) ki kapab rive tou jiska twa lane (3 lane) pou piplis. Koupab la ap peye yon amand ki soti nan di mil goud (10.000) pou rive nan san mil goud (100.000) pou piplis. [TK] Atik 201.a

• ***Fo kat elektoral***

Tout moun ki fè oubyen ki mande yon lòt moun fè pou li yon fo **Kat elektoral, oubyen ki itilize yon kat elektoral** ki pa genyen non l ak foto l ladan l ap kondane ak pèn kòd penal la prevwa sou zafè fo ak izaj fo ki nan atik 109 elatriye kòd pena l lan. [TKAJ/TKSJ] Atik 212

• ***Sove ak bwat bilten vòt yo***

Tout moun ki sove ak yon bwat bilten ke l pran nan yon biwo vòt ap genyen pou kondane ak pèn reklizyon ke kòd penal prevwa. [TKAJ/TKSJ] Atik 214

**c. MANIFESTASYON POLITIK JOU ELEKSYON AN**

Tout moun ki òganize oubyen patisipe nan yon manifestasyon **publik anfavè yon n oubyen pliziè kandida, yon n oubyen pliziè pati politik, oubyen yon regrouman pliziè pati politik apati jou eleksyon an fèt la pou rive nan jou KEP bay rezilta yo**, ap kondane ak pipiti si mwa prizon (6 mwa) e ki kapab rive tou jiska yon lane (1 an). Koupab la ap peye yon amand soti nan di mil goud (10.000) ki kapab rive tou jiska ven n senk mil goud (25.000) pou piplis. [TK] Atik 197

**d. MANKE DEGA AK YON FONKSYONÈ KEPA**

Tout moun ki manke dega ak yon fonksyonè **KEP pandan la p fè travay** li ap peye yon amand ven n senk mil goud (25.000) pou

piplis. Koupab la ap kondane pou pipiti ak si mwa prizon (6) ki kapab rive tou jiska yon lane (1 an) pou pipilis. [TK] Atik 198.

#### **e. PRONOSTIK SOU ZAFÈ ELEKSYON AN**

Tout moun ki ta pibliye pronostik sou eleksyon an jou la p fèt la, oubyen ta pibliye rezilta pronostik lòt moun oubyen lòt enstitisyon fè jou eleksyon an, ap peye yon amand soti nan trant mil goud (30.000) ki kapab rive nan san mil goud (100.000) pou pipilis. [TK] Atik 197.1

## **II ENFRAKSYON YON FONKSYONÈ NAN LETA OUBYEN NAN KEP KAPAB KOMÈT**

### **AANVAN JOU ELEKSYON**

#### ***a. Anpeche reyinyon sou elesyon fèt***

Tout moun ki bay baryè kelkilanswa jan l fè sa a, pou anpeche yon pati politik oubyen yon regroupman pati politik ki genyen rekonesans legal, oubyen yon katèl, oubyen yon kandida, anvan, **pandan oubyen apre yon reyinyon ya p fè sou zafè eleksyon** ap peye yon amand ki soti nan senk mil goud (5.000) ki kapab rive nan ven mil goud (20.000) pou pipiti. Koupab la ap kondane pou pipiti ak yon lane prizon (1) ki kapab rive tou jiska trant mwa (30 mwa) pou pipilis. [TP] Atik 189.

Tout patizan yon kandida, yon pati politik, yon regwoupman pliziè pati politik, tout fonksyonè leta ki genyen otorite nan menm yo, oubyen tout fonksyonè Konsèy elektoral provizwa a ki ta bay baryè kelkilanswa jan l fè l pou l anpeche anvan oubyen pandan oubyen apre yon reyinyon sou zafè eleksyon, ap peye yon amand ki soti nan senkant mil goud (50.000) pou rive nan san mil goud (100.000) pou pipilis. [TP] Atik 192.1

## **b. Piblisite ilegal sou zafè eleksyon**

Tout fonksyonè leta ki genyen otorite nan menm yo san n pa bliye fonksyonè ka p travay pou KEP ki:

**a. Ap fè piblisite elektoral pou yon n oubyen pliziè kandida**, yon n oubyen pliziè pati politik oubyen regropman pati politik ;

**b. Fasilite yon n oubyen pliziè kandida**, yon n oubyen pliziè pati politik, oubyen regropman pati politik **itilize materyèl oubyen machin n leta pou fè kanpay nan eleksyon an**

Ap kondane pou pipiti ak twa zan prizon (3 lane) ki kapak rive tou jiska senk lane (5) pou piplis. Koupab la ap peye tou yon amand ki soti nan senkant mil goud (50.000) pou rive nan san senkant mil goud (150.000) pou piplis. [TK] Atik 204

Lè enfraksyon ki prevwa nan atik 204 la komèt nan kad yon plan ka p ekzekite nan tout peyi a oubyen nan pliziè pati nan peyi a, pèn ak amand lan ap double. [TK] Atik 205

## **c. DEKLARASYON KANDIDATI**

Tout fonksyonè Konsèy elektoral la oubyen tout moun nan KEP ki responsab deroulman operasyon nan biwo vòt yo ki aksepte resevwa yon deklarasyon kandidati ki genyen aklè yon pyès oubyen yon fo dokiman ap kondane ak pèn kòd penal la prevwa sou zafè moun ki fèt fo dokiman ekri. [TKAJ/TKSJ] Atik 208



## **B JOU ELEKSYON AN**

### **a. ENFRAKSYON KI GENYEN RAPÒ AK VÒTYO**

#### **• *Ede moun vote nan koken***

Tout fonksyonè Konsèy elektoral la **ki ede yon moun vote nan koken ap kondane** pou pipiti ak si mwa prizon (6 mwa) ki kapab rive nan yon lane (1 lane) pou piplis. Koupab la ap peye tou yon amand soti nan di mil goud (10.000) pou rive jiska ven n senk mil goud (25.000) pou piplis. [TK] **Atik 195.**

#### **• *Fè magouy nan lis elektoral ak nan bilten vòt***

Tout fonksyonè Konsèy elektoral la oubyen nenpòt ki moun ki responsab resevwa pou KEP moun ki enskri oubyen pou konte bilten moun ki fin vote, **oubyen tout lòt moun ki ta chanje nan jan pa yo pwosèvèbal, lis moun ki fin vote yo siyen, fèy yo konte vwa moun ki fin vote yo, bilten yo; si yo retire ou byen mete nan bilten kote ki genyen vòt yo; si yo ta li yon non ki pa menm ak sak nan lis yo ap kondane ak pèn travo fòse pou yon bout tan.** Koupab la ap peye yon amand soti nan senk san mil goud (500.000) pour rive nan yon milyon goud (1.000.000 milyon) pou piplis. [TKAJ/TKSJ] **Atik 211**

Tout fonksyonè Konsèy elektoral la oubyen tout moun ki responsab dewoulman vòt yo **ki chanje nan fè koken lis elektoral la kelkilanswa jan l fè l la** ap kondane ak menm pèn ki nan atik 211. [TKAJ/TKSJ] **Atik 211.1**

### **b. Pèdi materyèl ki sèvi pou fè eleksyon an**

Tout fonksyonè KEP ki koupab deske l ta pèdi materyèl ki sèvi pou fè eleksyon yo, ap kondane pou pipiti ak twa lane prizon (3

lane) ki kapab rive tout jiska senk lane (5 lane) pou piplis. [TK] **Atik 206**

### **III ENFRAKSYON KE YON KANDIDA OUBYEN YON PATIZAN L KOMÈT**

#### **A ANPECHE REYINYON SOU ELEKSYON FÈT**

Tout moun ki bay baryè kelkilanswa jan l fè sa a, pou anpeche yon pati politik oubyen yon regwoupman pati politik ki genyen rekonesans legal, oubyen yon katèl, oubyen yon kandida, anvan, pandan oubyen apre yon reyinyon ya p fè sou zafè eleksyon, ap peye yon amand ki soti nan senk mil goud (5.000) ki kapab rive tou jiska ven mil goud (20.000) pou piplis. Koupab la ap kondane pou pipiti ak yon lane prizon (1 an) ki kapab rive tou jiska trant mwa (30 mwa) pou piplis. [TP] **Atik 189**

Tout patizan yon kandida, yon pati politik, yon regwoupman plizyè pati politik, tout fonksyonè leta ki genyen otorite nan menm yo, oubyen tout fonksyonè Konsèy elektoral provizwa a ki ta bay **baryè kelkilanswa jan l fè l la pou l anpeche anvan oubyen pandan oubyen apre yon reyinyon sou zafè eleksyon,** ap peye yon amand ki soti nan senkant mil goud (50.000) pou rive nan san mil goud (100.000) pou piplis. [TP] **Atik 192.1**

#### **IV Konpetans, pwosedi ak lòt sanksyon**

##### **Konpetans ak pwosedi**

*- Tribinal depè yo konpetan pou jije san pèdi tan sou demand Biwo Elektoral Kominal la (BEK) yon enfrazyon ki komèt nan zòn pa yo ki fèt nan vyolasyon dekrè elektoral*

- Pè n ki prevwa nan pati ki konsène deli nan dekrè elektoral la ap pwononse nan tribinal koreksyonèl san pèdi tan, san tribinal la pa kapab ni jije afè a yon lòt lè oubyen tande yon lòt zafè san l pa fini avèk li. Tribinal la ap jije zafè a sou demand komisè gouvènman an apre l fin n resevwa rapò BED la. Nan kad zafè sa a, papyè tenbre ki mande moun nan parèt devan tribinal la ap fikse lè zafè a ap tande epi Akize a ap jije san pèdi tan pandan l anba kòd lajistis jan lwa 6 me 1927 sou zafè flagran deli wè sa a. Akize ya kapab jwen n libète pwovizwa lè l fin bay garanti lalwa mande l. Si se yon fonksyonè leta ki fè deli a nonsèlman la p jwen n revokasyon l men tou garanti la p bay pou libète pwovizwa a pa kapab pipiti pase desan mil goud (200.000). (**Atik 207**)

- Pè n ki korespon n ak krim ki fèt nan vyolasyon dekrè elektoral la ap pwononse nan tribinal kriminèl ka p fonsyone ak jiri oubyen san jiri.

## **Lòt sanksyon**

- **Libète pwovizwa** ; Oken n koupab yon enfraksyon ki prevwa nan dekrè elektoral la ki jwen n arestasyon apre biwo vòt la fin n fè pwosè vèbal la, oubyen ki arete sou lòd otorite lajistis pa kapab jwen n libète pwovizwa.

- **Enfraksyon ki komèt nan kad asosyasyon malfektè**: Lè vyolasyon dekrè elektoral la fèt nan ekzekisyon yon plan nan tout peyi a oubyen nan plizyè kote nan peyi a, kondanasyon prizon an ak pou peye amand yo ap double.

- Pèdi dwa gran moun: Anplis tout pèn ki prevwa nan dekrè elektoral la, fòk nou mete tou : pèdi dwa gran moun ak pèdi dwa politik pou pipiti senk lane e ki kapab rive jiska di zan si koupab la se yon sitwayen ki pa fonksyonè leta oubyen kandida (**atik 218**)

- Revokasyon fonksyonè leta: Si se yon fonksyonè leta koupab vyolasyon dekrè elektoral la, la p jwen n revokasyon l tou swit apre jijman definitifla.

- Si yon eleksyon ta rive anile paske yon kandida oubyen man m yon katèl ta komèt yon zak ke dekrè elektoral pini, lajistis ap aplike kont li sanksyon ki prevwa soti nan atik san yuit (208) pou rive nan atik desan katòz (214) (Atik.215 seksyon C dekrè elektoral la)

- Si yon eleksyon ta rive anile paske yon kandida ta komèt yon zak ke dekrè elektoral pini, lajistis ap aplike kont li sanksyon ki prevwa soti nan atik san yuit (208) pou rive nan atik desan dizwuit pwen en (218.1) (Atik.215 seksyon C dekrè eletoral la)

**Tribinal depè (TP):** konpetan pour jije kontravansyon

**Tribinal Koreksyonèl (TK):** konpetan pou jije deli. Tribinal sa a se yon seksyon nan tribinal premye enstans lan (TPE)

**Tribinal kriminèl avèk jiri (TKAJ)** oubyen san jiri (TKSJ): konpetan pou jije tout enfrazyon la lwa, kòd penal la oubyen dekrè elektoral la rele krim.